



Konsèy Komisyonè Eleksyon Vil Cambridge

689 Massachusetts Avenue, STE 1, Cambridge, MA 02139-3302
Telefòn: 617-349-4361 • Faks: 617-349-4366 • Imèl: elections@cambridgema.gov

Komisyonè yo:
Ethridge A. King, Jr.
Larry W. Ward
Charles J. Marquardt
Sara I. Rivera

Direktè Eleksyon:
Tanya L. Ford

Direktè Adjwen:
Lesley Waxman

Kliyan Rezidansyèl
Cambridge, MA

KOURYE LAPÒS
ETAZINI KI
DEJA PEYE,
CAMBRIDGE, MA,
PÈMI NIMEWO
58215



Primè Eta
1ye Septanm 2026

Gid 2026 pou Vote Alavans



Lokal Bwat pou Depoze Bilten Ofisyèl Election Commission nan, ki disponib 24 sou 24, pou Eleksyon Primè Eta a, ki pral fèt 1ye septanm 2026

Lokal Prensipal Bwat pou Depo Bilten

Lokal sa a ap rete ouvri jiska Jou
Eleksyon an, Madi 1ye Septanm
2026 a 8è diswa.

Election Commission
689 Massachusetts Avenue
Sou bò gòch antre prensipal la

**Lokal bwat pou depoze bilten sa a pral INIK lokal ki ouvri Jou
Eleksyon an, 1ye Septanm 2026.**

Lokal Segondè Lokal Bwat pou Depoze Bilten

Lokal sa yo ap ouvri yon fwa yo
fin voye bilten yo nan lapòs epi
y ap fèmen Lendi 31 Out 2026,
a 8è diswa. **Lokal Segondè yo
P AP ouvri jou eleksyon an,
1ye Septanm 2026.**

City Hall
795 Massachusetts Avenue
Toupre pòt dèyè a

Lekòl Morse
40 Granite Street
Toupre antre prensipal la

**Cambridge Police Headquarters
(Katyè Jeneral Lapolis Cambridge)**
125 6th Street
Toupre devan bilding lan

Lekòl Maria L. Baldwin
85 Oxford Street
Sou bò dwat Antre Oxford St. la

Bibliyotèk O'Neill
70 Rindge Avenue
Sou kote mach eskalye antre a

Resous nan Plizyè Lang



বাংলা



हिन्दी



عربي



Español



中文



Português



Kreyòl



English


Vote Alavans! Vote nan Lapòs!

Cambridge Election Commission (Komisyon
Eleksyon Cambridge) la ap rann li fasil ak alèz
pou vote selon orè w. Vote alavans pa lapòs
oswa an pèsòn!

Peryòd Vòt Alavans An Pèsòn

22 Out - 28 Out

Gade andedan an pou lè ak lokal yo!



Verifye Eitati Enskripsyon Elektè Ou A

www.RegisterToVoteMA.com

oswa rele Election Commission office la nan 617-349-4361.

*Dat limit pou enskri oswa fè chanjman nan non w, adrès ou oswa pati politik
ou se Samdi 22 Out.*

Enskripsyon Elektè

Sou Entènèt

www.RegisterToVoteMA.com

Si w pa genyen yon Registry of Motor
Vehicles ID (ID Rejis Veyikil Motè), w ap
bezwen enprime fòmilè enskripsyon ou an
epi voye l nan lapòs bay Election Commission
Office (Biwo Komisyon Eleksyon) la nan
689 Massachusetts Avenue, STE 1,
Cambridge, MA 02139-3302

An Pèsòn

**Cambridge Election Commission,
689 Massachusetts Avenue, STE 1
pandan lè biwo nòmal yo.**

Samdi 22 Out, ou gendwa enskri nan nenpòt
nan Lokal pou Vote Alavans yo soti 9 a.m.
jiska 3 p.m. oswa nan Election Commission
office la soti 9 a.m. jiska 5 p.m.



Tanpri asire w **bilten
vòt ou a sele/
kachte andedan
anvlòp sèman an** (anvlòp
jòn nan) epi afimasyon ki
sou anvlòp sèman an **te
siyen** anvan ou mete anvlòp
la nan bwat pou depoze
bilten an.

Konprann Vòt Alavans

Ki sa Vòt Alavans ye?

Vòt Alavans se yon opòtinite pou vote anvan Jou Eleksyon an. Ou ka vote an pèsòn oswa pa lapòs, epi yo pral depoze bilten vòt ou a pou ou nan jou Eleksyon an. Se Lwa Eta Massachusetts ki fikse peryòd vòt alavans lan.

Ki moun ki ka vote alavans?

Nenpòt elektè ki anrejistre nan Cambridge ka vote pandan peryòd vòt alavans lan! Kontrèman ak vòt absans, ou pa bezwen yon eskiz oswa yon rezon pou vote alavans!

Ki kote mwen ka vote alavans?

Kontrèman ak Jou Eleksyon an, yo pa plase w nan yon biwo vòt. Ou ka ale nan nenpòt Lokal Vòt Alavans Cambridge yo detaye pi ba a. **Election Commission office** la ki sitiye nan 689 Massachusetts Avenue P AP yon lokal pou vote alavans pou Primè Eta a.

Ki lè mwen ka vote alavans

Peryòd Vòt Alavans lan soti Samdi 22 Out 2026 rive Vandredi 28 Out 2026. Lè yo varye de jou an jou, kidonk tcheke orè ki pi ba a.

E si mwen vle vote nan Jou Eleksyon an pito?

Si w pa vote alavans, ou ka toujou vote nan biwo vòt yo plase w la nan Jou Eleksyon an. **TANPRI SONJE KE BIWO VÒT OU AN KA TE CHANJE.**

W ap resevwa yon kat notifikasyon elektè ki gen lokal kote yo plase w la anvan Jou Eleksyon an, oswa ou ka gade l nan www.cambridgema.gov/pollinglocations.

Biwo vòt yo ap ouvri apati 7 a.m. jiska 8 p.m. Madi 1ye Septanm 2026. Ou ka vote yon sèl fwa—si ou depoze yon bilten vòt alavans, ou pa kapab vote jou Eleksyon an.

Lè ak Lokal pou Vòt Alavans An Pèsòn

Samdi 22 Out		🕒 9 a.m. - 3 p.m.
Dimanch 23 Out		🕒 9 a.m. - 3 p.m.
Lendi 24 Out		🕒 8:30 a.m. - 8 p.m.
Madi 25 Out		🕒 8:30 a.m. - 5 p.m.
Mèkredi 26 Out		🕒 8:30 a.m. - 5 p.m.
Jedi 27 Out		🕒 8:30 a.m. - 5 p.m.
Vandredi 28 Out		🕒 8:30 a.m. - 12 p.m.

Election Commission office la ki sitiye nan 689 Massachusetts Avenue **P AP** yon lokal pou vote alavans pou Primè Eta a.

Elektè yo dwe ale nan youn nan lokal ki chwazi pou vote alavans ki endike pi ba a.

Lokal Vòt Alavans yo

- Bibliyotèk Valente**
826 Cambridge Street, Antre Bò kote sou Berkshire Street la
- Cambridge Water Department (Depatman Dlo Cambridge)**
250 Fresh Pond Parkway
- Main Library (Bibliyotèk Prensipal)**
449 Broadway

Vòt Alavans Nan Lapòs

01

Jwenn yon Aplikasyon

Telechaje yon fòmilè aplikasyon nan www.MailMyBallotMA.com oswa voye yon demann alekri avèk non w, adrès Cambridge, adrès kote w vle yo voye bilten vòt la, epi siyen l. **Elektè ki pa enskri yo dwe endike tou bilten vòt ki pati yo ta renmen.**

Si w anrejistre nan pati Demokrat oswa Repibliken an, ou ka vote sèlman sou bilten vòt pati sa a. Si w pa enskri (souvan yo rele w endepandan), ou ka chwazi yon bilten vòt pati w ap vote nan primè a epi rete san w pa enskri

02

Voye Aplikasyon an

Voye aplikasyon w siyen an pa imèl, faks, oswa pa lapòs. Si w ap voye yon aplikasyon nan imèl, ou bezwen siyen l nan yon fason ki ka konpare ak siyati w ekri alamen. Yo akseptab siyati elektwonik, aplikasyon ki eskane, ak foto aplikasyon. Yo pa ka aksepte siyati tape.

Imèl: elections@cambridgema.gov


Faks: 617-349-4366

Kourye Lapòs: 689 Massachusetts Avenue, STE 1, Cambridge, MA 02139-3302

03

Opsyon pou retounen bilten vòt ou a

- Retounen bilten vòt la pa lapòs lè w sèvi avèk anvlòp lapòs ki te bay avèk bilten vòt la.
- Retounen anvlòp bilten vòt ki kachte a bay yon responsab eleksyon nan yon lokal yo deziyen pou vote alavans nan lè yo endike pou vote alavans yo.
- Livre bilten vòt ou a nan nenpòt nan sis (6) bwat pou depoze bilten ki Cambridge yo. Yo endike lokal bwat pou depoze yo nan dènye paj gid sa a.



Dat Limit Enpòtan yo

Dat limit pou mande yon bilten vòt:
Madi 25 Out 2026 a 5 p.m.

Election Commission an rekòmande pou aplike pi bonè posib pou asire livrezon alè.

Dat limit pou retounen bilten vòt la:
1ye Septanm 2026 a 8 p.m.

Swiv Bilten Vòt Ou A Sou Entènèt

🌐 www.TrackMyBallotMA.com

Kesyon?

Vizite Sit Entènèt nou an nan **CambridgeMA.gov/EarlyVoting**

Rele Election Commission Office la nan 617-349-4361

Ekri nou sou imèl nan elections@cambridgema.gov

Si w bezwen yon entèprèt pou kontakte Election Commission an pou èd avèk aplikasyon w lan, tanpri rele 617-865-2273. Yon entèprèt ap konekte w ak yon reprezantan Vil la.